

# **PREMYE PATI: ENTWODIKSYON AK LEVE DEFI**

## **I. Entwodiksyon**

Bonjou, Konte Miami-Dade, Good morning, Buenos días – Se vrèman yon onè pou ,mwen sèvi kòm Majistra w. Mwen pran lapawòl jodi a avèk kè kontan ak lespwa, pou mwen fè w konnen eta Konte nou an pi fò pase tout tan, gras ak lespri kominotè nou pataje ak kapasite pou nou adapte nou avèk tan ki ap chanje ak defi tan yo. Gras a ou menm, rezidan nou yo, nou ka chache lespwa nan lavni.

Mwen vle remèsye Prezidan Pepe Diaz pou bèl entwodiksyon sa a, Vis-Prezidan Oliver Gilbert pou benediksyon an ak Komisyonè Sally Heyman dèske li akeyi nou nan Distri 4 ki se teritwa li. Mwen fyè pou mwen rankontre nou vityèlman apati Greynolds Park nan limit nò Konte espektakilè nou an avèk Oleta River tou dwat dèyè nou an.

Sa gen yon ane, mwen te fè premye diskou mwen sou Eta Konte a pou rezidan Miami-Dade yo.

Ane kivin annapre a te san parèy nan istwa Miami-Dade – yon ane ki te teste nou tout nan nouvo fason.

En el último año, nuestra comunidad ha enfrentado muchos desafíos, desde la pandemia hasta la tragedia de Surfside. Pero juntos los hemos superado.

Nou kontinye ap fè fas a yon pandemi ki ka touye moun – pandan nou apiye sou lasyans ak done pou nou navige nan chak nouvo chanjman ak viraj epi pwoteje kominote nou an, pandan nou ap

goumen pou ede fanmi ki pi frape yo retounen sou pye yo pandan nou ap sipòte biznis ki ap lite pou yo rebondi.

Nou te fè fas a yon epidemi vyolans ki fèt ak zam ki te eksploze nan tout peyi a kòm konsekans pandemi an, sa te mande desizyon solid ak desizif pou prevni vyolans epi rezoud krim, bay rezilta reyèl ki te fè nou jwen rekonesans nasyonal.

Trajedi Surfside la te siprann nou tout, lè Champlain Towers te tonbe nan mitan lannwit - youn nan efondreman bilding ki pi tèrib nan istwa modèn. Kominote nou an te kanpe, ini, pandan mond lan te ap gade, pou fè fas a kriz la epi asire ke sa pa janm ka rive ankò.

Atravè chak nan chapit sa yo, nou te sonje ke malgre anpil danje, kominote nou an ap toujou reyini ansanm an fas trajedi. Atravè aksyon jantiyès, kouraj, ak solidarite, nou gen laviktwa epi nou sòti pi fò. Nou te pwouve anpil fwa ke pa gen okenn defi ki twò gwo lè nou kanpe ansanm, ini.

La union hace la fuerza.

L'union fait la force.

Atravè tout sa nou te fè fas, e san dout akòz sa, nou se yon kominote ki inikman pare pou abòde lavni. Dènyèmman, yo te klase ekonomi nou an kòm pi bèl rekiperasyon ekonomik nan tout nasyon an. Nou divès, inovatè, e inifye - yon reyèl modèl pou rès peyi a.

An 2022, nou va kontinye bati pou lavni sou fondasyon solid nou te mete ansanm lan.

Nou gen yon opòtinite inik nan lavi pou pwofite sou pasaj Lwa sou Enfrastrikti Tou de Pati yo vote, investi plizyè milyon dola nan

transpò, entènèt, dlo, anviwònman ak plis ankò, pandan nou ap kreye plizyè milye dyòb lokal.

Pou prepare pou nouvo ekonomi an, n ap investi nan enèji solè, machin elektrik, epi pwoteje bè nou an. Mezi sa yo pral pwoteje anviwònman nou kounye a ak pou lavni.

Nou ap fè gwo investisman nan lojman pou lwe ke moun kapab peye ak pwogram pou ede plis moun k ap travay achte kay.

Nou va akselere rekiperyasyon nou an lè nou double envèstisman ki ede biznis yo reyisi nan ekonomi apre pandemi an, konekte mendèv nou an ak dyòb ki byen peye nan endistri ki gen plis kwasans yo.

Ansanm, nou ap takle defi sa yo epi konstwi yon Konte Miami-Dade ki pi solid, pi rezilyan e ki pare pou lavni.

Juntos, vamos a construir un Miami-Dade plis fò ak listo para el futuro.

Ansanm, nou pral konstwi yon Konte Miami-Dade ki pi solid, e ki pare pou lavni. (ANSANM, NOU PRAL KONSTWI YON KONTE MIAMI-DADE KI PI SOLID, E KI PARE POU LAVNI)

## **COVID**

Lè ane pase a te kòmanse, vaksen kont COVID-19 la te fèk disponib, san yon plan leta oswa yon plan nasyonal pou asire yon distribisyon efikas ak jis.

Nou te antre annaksyon, lanse yon sistèm enskripsyon nan lang Angle, Panyòl, ak Kreyòl Ayisyen.

Pandan rezè v te ap vin disponib, nou te tabli gwo sit vaksinasyon atravè Konte a epi òganize evènman tanporè pou pote vaksen yo dirèkteman nan pati ki gen aksè difisil nan kominote nou an.

Depi nan kòmansman, nou te travay di pou rann vaksen yo fasilman disponib pou ou menm ak fanmi ou, kèlkeswa zipkòd ou.

Nou te bay priyorite an premye a granmoun aje vilnerab yo avèk vaksen a domisil.

Plizyè santèn anplwaye Konte a te ofri tèt yo kòm volontè pou yo fè pati ekip VACS Now nou yo. Yo te frape plis pase 400,000 pòt epi yo te pote enfòmasyon nan katye soti Hialeah rive Homestead.

Nou te lanse gwo kanpay pou edike ak ankouraje kominote a pou pwoteje tèt yo epi pran vaksen.

Jodi a, nou se lidè Eta Florid nan vaksinasyon epi nou depase mwayèn nasyonal la. Rezilta sa a pi plis pase yon viktwa an sante piblik, se yon vrè eksplwa lojistik - e sa pa t ap posib san Ofisye Medikal Anchèf nou an Dr Peter Paige ak ewo swen sante yo ki nan premye ling konba a.

Menm lè ka COVID yo te ba, nou pa janm sispann bay tès ak vaksen gratis atravè Konte Miami-Dade. Mwen espesyalman fyè pou sa.

Nou te rete tou pare, nou te prepare pou lavni, epi nou pa janm bat ba.

Durante la pandemia, nunca hemos bajado la guardia, hemos seguido trabajando en prevención y preparándonos para el futuro.

Kenbe pwogram prevansyon COVID sa a te vle di ke nou te kapab fè amelyorasyon pou satisfè gwo ogmantasyon demann lan pandan Omicron te parèt, epi volim tès chak jou sou sit Miami-Dade yo te double jiska plis pase 70,000 pa jou.

Sèlman nan semèn ki sot pase yo, nou te distribye prèske 300,000 tès a domisil, avèk anplwaye konte a ki ap travay manm pandan jou ferye pou kenbe rezidan yo an sekirite.

Pandan ke batay nou kont COVID la poko prèt pou fini, travay nou fè demontre tout sa nou ka akonpli lè nou travay ansanm, nan inite.

## **SURFSIDE**

Nou tout ka sonje yon lòt fwa, ane pase, lè tout kominote a te reyini pou jere yon kriz ke okenn nan nou pa t kapab imajine.

Bonè nan maten 24 jen, Depatman Ponpye Miami-Dade te reponn a rapò sou yon efondreman bilding nan Champlain Towers South nan vil Surfside bò lanmè a.

Ponpye nou yo te kouri ale dirèkteman nan sa ki rete nan bilding lan pou retire sivivan yo. Nan jou ak semèn ki te vin apre yo, ekip sekou yo te brave chalè, gwo lapli, dife ak lafimen pou chèche moun ki te disparèt yo nan dekonb yo.

A total, nou te pèdi 98 moun - paran, timoun, kòlèg travay, zanmi. Lavi yon pakèt fanmi isit la ak atravè mond lan te chanje pou tout tan nan kèk segonn.

Tanpri akonpanye mwen nan yon ti moman silans pou onore epi sonje moun nou te pèdi nan Surfside.

**POZ**

apre trajedi enkwayab sa a, kominote nou an te kanpe pou pran swen moun ki te pèdi tout bagay, nan moman yo te nan pi gwo nesesite.

Biznis yo te bay manje, dlo, ak pwovizyon. Moun atravè lemond te kontribiye ak plizyè milyon dola nan fon ki te etabli pou sipòte viktim ak sivivan yo.

Atravè tout sa, anplwaye fonksyon piblik Konte Miami-Dade te kanpe fèm – yo te kanpe pou fè fas a tout defi avèk konpasyon, kouraj, ak jantiyès.

Yon trajedi nan nivo sa a te mande yon repons ki soti nan gouvènman an, epi efò kowòdone nou yo te kouvri prèske chak depatman Konte a. Nou te travay men nan men ak patnè lokal, leta ak gouvènman federal nou yo.

Lapolis ki soti toupatou nan konte a te la pou sipòte operasyon sekou pou ekip rechèch yo te kapab kontinye misyon yo jou apre jou.

Lè solèy la te leve premye maten sa a, nou te imedyatman etabli yon kote pou fanmi ki deplase yo rasanble ak yon liy dirèk. Ekip nou an te reponn plizyè milye apèl moun ki te ap chèche enfòmasyon dezespereman e ekip la te kreye plizyè milye rapò sou moun ki disparèt.

Depi nan konmansman, nou te mete fanmi — moun ki te pèdi moun yo ak moun ki te pèdi kay yo — nan sant chak desizyon nou te pran. Nan kèlke jou, Konte nou an te lanse yon Sant Asistans pou Fanmi pou ofri sèvis esansyèl ki plizyè douzèn ajans bay anba yon sèl otorite.

Nou pat pèdi tan pou nou al travay pou chèche repons. Nou te pran mezi imedyatman pou asire yon trajedi tankou sa a pa t janm, janm rive ankò.

Aprè efondreman an, mwen te mande anplwaye yo pou yo fè yon odit imedya sou tout ka resètifikasyon bilding ki annatant yo. Nou te kreye yon pòtay sou entènèt pou piblik la ka fasilman wè enfòmasyon sou dosye sekirite pwòp bilding yo.

Nou te pran dispozisyon pou ranfòse kòd konstriksyon nou an — tankou diminye peryòd resètifikasyon an a 30 ane olye de 40 ane. Mwen te fyè dèske mwen te kreye patenarya ak Prezidan Diaz pou mwen te reyini moun k ap fè politik lokal, eta ak federal yo pou yo mennen refòm nan tout nivo yo. Mwen ta renmen remèsye Komisyonè Rene Garcia paske li te pwofite eksperyans li nan Tallahassee ak anpil konesans lejislatif li pou ede nan lidèchip chaj sa a epi fè rezidan nou yo vin pi an sekirite.

Mwen vrèman fyè de fason ekip mwen an ak tout patnè kominotè nou yo te reyini ansanm pou Surfside ak fason nou ap travay ansanm pou konstwi yon Miami-Dade ki pi an sekirite kounye a ak pou lavni. Komisyonè Sally Heyman, ki reprezante kominote sa a, pa t neglije okenn efò tou pou asire tout moun ki te bezwen èd yo te kapab jwenn aksè nan sa.

## **VYOLANS KI FÈT AK ZAM**

Ansanm ak pandemi an ak trajedi Surfside la, nou te fè fas ak yon lòt kriz ankò: epidemi nasyonal vyolans ki fèt ak zam, ki te vin an tèt nan kominote nou an pandan ete dènye a.

An 2021, nou te aji rapidman pou bloke vyolans yo epi kenbe rezidan yo an sekirite — lè nou takle kòz yo nan rasin yo epi konstwi katye ki pi an sekirite, ki pi estab.

Nan mwa jen, nou te pran yon etap istorik pou nou investi nan prevansyon vyolans alontèm ak sekirite piblik. Konsèy Komisyonè Konte yo, ke Komisyonè Keon Hardemon te dirije, te pase Plan vizyonè pou Lapè ak Pwosperite nou an — ki te posib gras a akò lisans nou an avèk FTX Arena, lokal Miami Heat la. Plan Lapè ak Pwosperite se yon investisman \$90 milyon pou 20 ane pou kreye travay ak estaj pou jèn ki gen a risk, ansanm ak lòt pwogram prevansyon, entèvansyon, re-ensèsyon ak ranfòsman ki fè prèv yo.

Nou ap travay atravè depatman yo pou bay timoun nou yo nouvo opòtinite pou yon avni ki pi briyan. Nou te kreye Biwo Sekirite Katye a pou anpeche krim epi ede moun ki te komèt krim e ki te sèvi tan yo pou yo vin sitwayen pwodiktif.

Nou te lanse Operasyon Summer Heat epi answit Operation Community Shield pou ogmante operasyon sible nan kominote ke vyolans fi fèt ak zam pi afekte.

Jodi a, rezilta yo pale klè.

Miami-Dade te wè kantite fiziyad KOUPE AN MWATYE ak yon rediksyon 15% nan omisid nan sèlman ane ki sot pase a – chanjman sa a rive nan yon moman kote vil ak konte atravè nasyon nou an kontinye wè nivo ki pi elve nan krim vyolan. Mwen vle rekonèt patnè san parèy nou yo, vil nou yo, Depatman Lapolis Florid, ak Pwokirè Eta nou an pou rann posib travay sa a ki sove lavi. Epi mèsè ak Komisyonè Joe Martinez paske li toujou ap defann ofisye polis nou yo ak sekirite piblik nou.

Ansanm, nou te takle vyolans epi sove lavi.

Unidos, enfrentamos la violencia y salvamos vidas.



Mwen vrèman fyè de tout sa nou reyalize ansanm — antanke yon kominote kolaboratè ak inovatè, epi kòm mendèv Konte a ki gen 28,000 moun ki te inebranlab nan moman gwo difikilte. Mèsi tou, fanmi Konte a, paske w aksepte apwòch mwen an “Pa gen move pòt” pou sèvis konte yo ak efò mwen pou mwen angaje rezidan ak biznis nou yo kòm patnè nan travay nou an.

Antanke Kolaboratè an Chèf, mwen te lanse yon kanpay angajman anbisye nan tout kominote a, Thrive305, pou mwen asire vwa w oryante priyorite Konte nou an. Plizyè mwa opinyon piblik dirèk plizyè dizèn milye rezidan — ke nou tande atravè yon sondaj dirèk ansanm ak konvèsasyon an pèsòn ak vityèl — sa te mennen nan yon Plan Aksyon ki gen 12 priyorite prensipal.

Plan Aksyon an se yon plan ki vivan, ki respire kounye a, ki entegre nan plan ak bidjè 2022 chak depatman yo. An reyalite, pi fò nan aksyon yo deja sou pye!

Mwen vle remèsye chak moun ki te patisipe nan Thrive305, ak tout moun ki te fè tande vwa ou e ki te travay ansanm avèk nou ane ki sot pase a. Gras a ou, Konte Miami-Dade te poze baz pou yon avni pwospè, e nou pare.

## **DEZYÈM PATI: EKONOMI // KALITE VI**

Tout kote ou gade, ou ka wè tout sin yo nan yon kominote sou relans lan. Nan dènye ane a sèlman, Ayewopò Entènasyonal Miami plis pase double trafik pasaje li -- nan fen 2021 a 37 milyon pasaje konpare ak sèlman 18 milyon pou ane anvan an.

Nan pò a, nou te fèk fini ane ki te gen plis aktivite kago nan listwa pò a.

Nou ka wè tou gwo kwasans nan endistri yo nan tan kap vini an, ak gwo konpayi teknoloji ak finans ki ap demenaje pou vini isit la.

Yon metwopòl dinamik, ki ap grandi, mande yon sistèm transpò fyab, ajil ki konekte tout kwen kominote nou an, depi isit la nan North Dade ale nan Sweetwater ale Florida City rive Miami Beach. Elaji mobilite se fason nou konekte rezidan yo ak opòtinite andeyò kay yo, kenbe pwogrè nan Miami-Dade, epi kreye plis katye ki agreyab pou moun viv e ki atire nouvo biznis.

Bon nouvèl la se ke plan transpò SMART se plan nou pou koneksyon ak tout pati nan Konte nou an, epi nou ap konstwi koridò yo pou mennen nou la!

Ane pase, Konte nou an te kòmanse travay sou South Dade Transitway premye gran koridò nou an. Sèvis Transpò Otobis Rapid ki tankou tren va rann li posib pou moun vwayaje soti Homestead pou ale Anba Lavil Miami an 60 minit oswa mwens, sa ki va louvri nouvo opòtinite pou plizyè santèn milye rezidan Sid Miami-Dade.

Se pou sa mwen te travay di pandan mwa ki sot pase yo pou asire ke patnè federal nou yo konnen Miami-Dade pare pou akselere pwogrè sou tout Pwogram SMART la – pou nou jwenn yon pati ki jis nan finansman pou konstwi rezo mobilite ke Konte nou an bezwen epi merite. Komisyone Eileen Higgins, ki sèvi kòm Prezidan Transpò nan Komisyon an te yon patnè solid pou asire ke nou jwenn finansman federal ak eta a epi rete konsantre sou akonplisman pwomès nou yo pou pwogrè nan zafè transpò piblik.

Nou re-imagine transpò epi sezi lavni. Atravè lidèchip Vis-Prezidan Gilbert, nou te kreye yon premye gwoup travay Air Mobility pou trase yon chemen pou nan endistri inovatè sa a.

Nou te amelyore mobilite tou, ak nouvo finansman pou pwojè Underline lan ak Ludlam Trail la, pou bay plis pase 16 mil espas pou moun kouri, fè dyògin, mache oswa monte bisiklèt! Menm bèt kay nou yo ak zanmi kat pye nou yo va amize yo nan santye sa yo – e mwen vle remèsye 9,500 fanmi Miami-Dade ki te chwazi adopte epi pa achte. Pami yo mari mwen, Rob, ki te akeyi de bèl chat, Milly ak Pilly, nan lavi nou.

Aprè sa, mwen vle bay yon mo espesyal pou Komisyonè Souto, ki te toujou asire ke pak konte nou yo se yon gwo priyorite pou tout rezidan Miami-Dade kapab jwi bèl espas deyò.

[POZ]

## **Ekonomi Devlopman: Mendèv + Teknoloji**

Mwen konnen Miami-Dade ap pwospere lè li trete tout rezidan ak respè epi ba yo opòtinite pou yo pwospere ak reyisi.

Sa se Konte mwen ap travay pou mwen konstwi a depi lè mwen te eli.

Nou ap fè investisman istorik nan mendèv Miami-Dade ak ti biznis yo pou asire ke rezidan nou yo an pozisyon pou yo reyisi nan endistri ki ap grandi yo.

Soti nan teknoloji, pase nan swen sante, konstriksyon, agrikilti, ak plis ankò, nou ap bati pon pou lavni ant lidè endistri yo ak moun ki fè ekonomi nou an mache.

Antanke Majistra Konte a, mwen pran angajman pou mwen fè patenarya avèk lekòl nou yo, inivèsite, endistri enpòtan yo, ak sektè piblik la pou asire ke rezidan yo gradye epi yo ka antre nan

karyè ki gen plis kwasans, epi konpayi yo gen talan lokal yo bezwen pou yo bati pou lavni.

Se pou sa mwen tèlman fyè dèske nou te kreye yon nouvo ekip teknoloji ak inovasyon nan Miami-Dade, ki te rasanble yon seri konseye vedèt ki soti nan Florida International University, Miami Dade College, ak University of Miami ki konsantre sou devlopman talan. Nou ap kreye nouvo ensitatif ak patenarya avèk pi gwo fon ekite yo pou asire ke yo investi isit la nan Miami-Dade. Jis yè mwen te gen yon konvèsasyon enteresan avèk Doktè Doltres, nouvo Sipèntandan nou an, pou mwen kòmanse planifye efò konjwen nou yo pou siksè elèv yo ak devlopman karyè.

Nan zafè teknoloji, nou pare!

Inovasyon se pa sèlman konsènan sektè prive a – se fason nou fè **gouvènman** travay tou pi byen pou moun nou ap sèvi yo. Administrasyon ansanm ak Komisyonè Danielle Cohen Higgins, pandan li ap rasanble lidè endistri teknoloji yo pou Konte nou an ka ranfòse enfrastrikti teknoloji ki egziste deja yo epi atire nouvo opòtinite.

Komisyonè Cohen Higgins ak Komisyonè Kionne McGhee reprezante South Dade, reyon ki ap grandi pi rapid nan konte nou an. Mwen felisite Komisyonè McGhee pou pasyon li pou tout lavi li pou sèvi South Dade. Mwen pran angajman pou mwen kontinye fè patenarya pou kreye yon ajanda ekonomik ki akonpli vizyon mwen pou rezidan ak biznis nan zòn lan.

Nan tout depatman yo, nou ap chèche nouvo apwòch pou rann gouvènman an pi efikas, aleje biwokrasi, epi ofri sèvis rasyonnalize pou ede biznis yo kòmanse navige pi fasilman nan biwokrasi Meri Konte a.

Nou dwe kontinye fèmen divizyon dijital la tou.

Pou fè sa, nou te mete tèt ansanm avèk Knight Foundation ak Vil Miami pou investi \$12 milyon nan nouvo pwogram fòmasyon an teknoloji nan Miami Dade College. Atravè Pwogram Akselere Miami-Dade nou an, nou ap elaji aksè a konpetans dijital epi kreye chemen pou dyòb teknoloji nan kominote defavorize yo an patenarya ak Microsoft, Miami-Dade College, Beacon Council, Chanm Komès Zòn Metwopolitèn Miami, Chanm Komès Miami-Dade, ak United Way. An 2021 nou te lanse pwogram sa a ofisyèlman nan Little Ayiti, e pandan twa ane kap vini yo, nou ap gaye li nan tout konte a.

An reyalite, ane sa a, yon ekip anplwaye Konte a va kòmanse ale pòt an pòt pou ede **chak** kay konekte sou entènèt. Nou va fè patenarya avèk enkibatè nasyonal yo pou kreye espas ki dedye a konpayi teknoloji vèt yo. Epi nou ap sipòte antreprenè lokal yo tou atravè yon Pwogram Lidèchip Egzekitif an konjonksyon avèk Chanm Komès Zòn Metwopolitèn Miami.

## **Ti biznis + Ekite**

Pifò nan nou konnen ke nan Konte Miami-Dade, ti biznis yo se motè ki fè ekonomi nou an mache. Ankouraje tout ti biznis lokal yo se fason nou ka bati yon rekiperasyon ekonomik ki pa kite okenn fanmi dèyè.

Atravè travay enkwayab nouvo Biwo Ekite ak Enklizyon an, gen plis ak divès ti biznis kapab fè konpetisyon kounye a pou kontra konte a.

Nou te lanse Strive305 pou sipòte antreprenè lè nou ba yo aksè a kapital, fòmasyon, espas vant an detay ak biwo, konsèy, ak elatriye.

Somos una economía de pequeños negocios y estamos haciendo todo lo posible para apoyarlos.

Prèske 1,500 pwopriyetè ti biznis te patisipe nan klas BizHack nou yo ak Morning Huddle, pwogram sou entènèt ki konekte yo ak resous valab, fòmasyon, ak antrènman.

Kemyana (KEM-YAWN-AH) Jones Bey ak Anne Johnson Bey — fondatè Perfect Salon Suites, yon espas pataje pou antreprenè salon bote — se sèlman yon istwa siksè Strive305.

Mwen te kontan patisipe nan gran ouvèti yo nan Mall of Americas ane pase. Kounye a yo ap prepare yo pou yo louvri yon lòt seri swit nan Miami International Mall.

Nou ap avanse tou pou nou fini yon etid sou disparite ki genyen nan akizisyon pou ede aplami teren pou ti biznis minorite yo.

Ane sa a, an kolaborasyon ak biwo Komisyonè Jean Monestime, nou va lanse yon pwogram BizUP \$1 milyon pou sibvansyon jiska \$50,000 nan yon defi prezantasyon tankou pwogram Shark Tank lan.

Plis pase 28,000 anplwaye ki genyen ladan yo mendèv Konte Miami-Dade yo ap travay di pou aplike inisyativ sa yo. Defi yo te simonte nan ede kominote nou an navige tan sa yo te imans, epi yon prensip debaz nan administrasyon mwen an se pran tan pou rekonèt yo pou sèvis yo ak angajman yo.

Nou te rive jwenn akò enpòtan avèk tout 10 sendika Konte yo ak Eulen America, youn nan pi gwo kontraktè nan Ayewopò Entènasyonal Miami. Akò nou ak Eulen pral amelyore estanda sante ak sekirite pou kreye yon anviwonman travay ki an sekirite ak pozitif pou tout anplwaye yo – estanda nou espere de tout konpayi ki ap chèche fè biznis ak Konte nou an.

## Lojman ak Abòdabilite

Pandan nou ap kontinye grandi ak bati pou lavni, li enpòtan pou nou asire moun ki rele Konte Miami-Dade lakay yo kapab gen mwayen pou viv isit la.

Sa vle di nou ba takle kriz lojman ki ap grandi an. Se pou sa nou te deja pran aksyon pou mete Miami-Dade sou yon chemen lojman abòdab lè nou envesti yon rekò \$260 milyon nan ekspansyon lojman ou kapab peye.

Nan fen ane sa a, nou estime ke nou va gen 14,000 inite lojman abòdab ak lojman mendèv an devlopman.

Epi pandan devlope inite ki pi abòdab se yon pati enpòtan, gen plis mezi ki nesesè pandan pri lojman yo kontinye ap monte.

Nou ap etann pwogram ankourajman kominotè nou an pou pwopriyetè yo, ofri yo asistans finansye pou kouvri kèk nan depans ki nesesè pou renovasyon bilding yo an echanj pou limite pri lwaye yo yo disponib. Nouvo Divizyon Militans pou Lojman nou an ap alatèt efò sa yo.

Mwen panse ke anpil nan nou konnen ke nou te pran aksyon rapid tou pou pwoteje fanmi Miami-Dade kont potansyèl vag degèpisman pandemi an te lakoz.

Ane pase, nou te distribye plis pase \$80 milyon Asistans Dijans pou Lwaye, sa te ede kenbe plis pase 8,000 fanmi vilnerab ki fè fas a degèpisman epi asire pwopriyetè kay yo ye ka peye fakti yo.

Nan mwa Oktòb, nou te depanse ofisyèlman 100% fon nou yo, konpare ak yon mwayèn nasyonal 30% ak yon mwayèn sèlman 4% nan tout eta a.

Vitès ak ijans operasyon nou an te ede rezidan tankou Elaine Alexandra Vega, ki te ansent 9 mwa e ki te fè fas a degèpisman apre li te pèdi travay li kòm asistan administratif. Jodi a, Elaine ap viv nan menm inite sa a ak tibebe li epi kounye a li ap chèche retounen sou mache travay la.

Mwen te fyè dèske mwen te youn nan premye Majistra ki te antre nan "House America" ke Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini te lanse pou reloje ak bati lòt lojman pou moun ki pa gen kay. Avèk administrasyon Homeless Trust, nou fikse objektif agresif pou kreye nouvo inite. Kontrèman ak lòt kominote atravè nasyon an, zafè sanzabri nan Konte nou an kounye a bat rekò paske li nan yon nivo byen ba.

## **Anviwònman**

Nan Miami-Dade, nou konnen anviwònman nou an se sant tout lòt bagay nou te diskite jodi a. Dlo pwòp nou an se kle pou lavni nou.

An menm tan, nou se plas santral chanjman klimatik, e nou gen yon wòl inik pou nou jwe nan dirije kominote bò lanmè Ozetazini e atravè lemond.

Administrasyon mwen an te akeyi atansyon ak patenarya Komisyonè Raquel Regalado ki pataje angajman mwen pou prepare avni anviwònman nou an.

Nou te lanse premye faz "Konekte pou Pwoteje," plan nou genyen pou konvèti septik nou an egou, nan zòn kotyè Little River - yon zòn ki ba ki gen tandans sibi inondasyon, kote tank septik echwe pandan gwo lapli ak gran mare lakòz debòdman dlo egou. Anbisyon nou se itilize lajan federal yo pou plis travay nan pwopriyete vilnerab yo.



Nou te anonse angajman nou avèk dirijan sis gwo ling kwazyè pou pote kouran sou rivaj PortMiami dis 2023 – sa ki va fè de nou premye pò nan Sidès Etazini ki branche kouran rivaj la, diminye polisyon ak emisyon kabòn.

Nou te pibliye yon estrateji Ogmantasyon Nivo Lanmè - premye estrateji konsa nan nasyon an, ki byen prepare pou ede paradi subtropikal inik nou an adapte ak lanmè ki ap monte - ak Estrateji Aksyon Klimatik nou an. Sa yo se plan konplè pou fè nou avanse nan direksyon objektif zewo emisyon gaz efè tèmik nou an dis ane 2050. Nou pral suiv ak amelyore efikasite enèjetik nan bilding Konte yo, redwi konsomasyon gaz, konvèti fatra nou an enèji, epi investi nan ekonomi vèt. Ane pwochèn, nou va wè tou dividann nan premye gwo inisyativ solè sou twati nan konte nou an, ki va bay 1.5 megawatt enèji ki soti nan enèji solè pou alimante dirèkteman enstalasyon Konte yo.

Nou te nonmen premye Ofisye Anchèf Bay Miami-Dade ak Ofisye Anchèf Chalè nan lemond — pou dirije efò nou pou pwoteje Bay la epi prepare pou menas chalè ekstrèm ki ap entansifye, kounye a kòz nimewo 1 lanmò ki gen rapò ak move tan nan peyi Etazini.

Avèk sipò Konsèy la, nou te pase yon òdonans pou redui polisyon eleman ki andomaje sante Biscayne Bay la, sa ki kontribiye a disparisyon zèb lanmè, flerisman alg ak elatriye.

Ane sa a, nou ap travay pou nou bati sou siksè inisyal òdonans sou angrè a pou kòmanse edikasyon ak sansibilizasyon nan tout kominote a byen bonè nan ane a, patenarya avèk vil yo ak komès prive an detay pou edike pwopriyetè kay yo ke tan fètilizasyon an se kounye a, se pa pandan sezon lapli a soti me rive oktòb.

Mwen vle remèsye Komisyonè Konte a, Rebecca Sosa, ki te goumen pandan plizyè ane pou prezève ak restore Biscayne

Bay. Anpil nan dènye pwogrè nou yo nan pwoteje Bay nou an pa t ap posib san devouman li.

## **TWAZYÈM PATI: MESAJ AVANGAD // KONKLIZYON**

### **KONKLIZYON:**

Pou 5 Komisyonè Konte nou yo ki va rive nan fen manda yo apre 2022 a, mèsè pou plizyè deseni sèvis ou te bay Konte nou an. Prezidan Diaz, Komisyonè Heyman, Monestime, Sosa ak Souto, travay ou ak eritaj nou pral rete pou plizyè deseni kap vini yo. Nou chak te pote talan inik ak kontribisyon valab pou fòm istwa Miami-Dade nou an.

Mwen rekonesan anvè 34 Majistra vil nou yo ki te anbrase kolaborasyon nou pandan nou ap travay ansanm pou pi byen ranje avni kolektif nou.

Mwen trè rekonesan tou pou patenarya ak anpil biznis ak lidè kominotè nou yo ki te fè fas ak chak nouvo defi avèk kreyativite ak angajman.

Se vreman gras a fason nou ini an 2021 an ke nou antre nan 2022 pi solid, ki pi an sekirite, ki pi estab.

Lè m te pran fonksyon an 2020, mwen te konnen ke mwen t ap pran pi gwo onè nan karyè mwen: Pou sèvi moun ki nan pi bon kominote nan nasyon an, epi travay ansanm avèk nou chak jou pou fè Miami-Dade menm pi gran.

Mwen te yon sèvitè piblik pou plis pase mwatye yon syèk, sa se pi gwo nivo nan karyè mwen. Se pa sèlman yon travay pou mwen. Se yon apèl.

Mwen vle ou konnen ki jan m fyè dèske m se Majistra w, e m ap toujou onore epi koute moun mwen ap sèvi yo. Mwen tandè vwa ou. Mwen li lèt ou yo, imel ou yo, pòs medya sosyal ou yo - epi se pa sèlman sa ki di bèl ti koze yo.

Mwen pran tout opinyon ou yo - pozitif ak sa ki pa tèlman pozitif - trè seryezman.

E wi, nou pase anpil wout — ansanm — men mwen tandè ou, e mwen konnen tou nou toujou gen anpil travay ki rete pou fèt.

Mwen souvan rete byen ta nan mitan lannwit ap reflechi sou ki jan nou ka aplani teren an — kijan pou se yon kominote ki vrèman sèvi ak travay pou tout moun. Yon kominote kote nou tout - pa sèlman yon kèk moun chwazi - ka vrèman pwospere ak briye.

Epi mwen pa sèlman PANSE sou li.

Mwen espere ke nou tout konnen kounye a ke mwen se yon Majistra ki touse manch mwen epi ki vin travay, ki ap travay bò kote ou.

Jodi a, mwen kanpe devan ou tèlman fyè pou mwen sèvi, e mwen renouvle angajman ak pwomès mwen anvè ou, antanke Majistra

w — kòm Kolaboratè an Chèf ou — pou mwen kòlte ak chak jou Bondye mete avèk anpil atansyon ak konpasyon.

Angajman pa mwen, se travay pou yon solisyon reyèl ki ap kreye yon pi bon kalite lavi pou nou tout. (AN-GAJ-MAN PA MWEN, SE TRA-VAY POU YON SO-LI-SYON RE-YEL KI AP KRE-YE YON PI BON KA-LI-TE LA-VI POU NOU TOUT.)

Nou tout vle yon Miami-Dade ki pi an sekirite, ki pi pwospè, avèk plis travay ki byen peye, plis lojman abòdab, plis mobilite — nan ekonomi nou an ak sou wout nou yo ak koridò transpò piblik yo — avèk yon anviwonman rezilyan kounye a e pou tout jenerasyon ki ap vini. Nou vle yon meyè avni e menm pi briyan. Mwen vrèman kwè ke jou an jou nou ap rive la. Ansanm, nou ap konstwi yon meyè Miami-Dade kounye a e pou lavni. Mwen gen espwa e mwen rekonesan anvè nou tout.

Mèsi paske w fè travay sa a avè m, kòt a kòt. Gracias.

Ke Bondye beni nou tout, epi se pou Bondue kontinye beni Konte Miami-Dade.